ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№217 (23.375) ● 2016 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

КІуэкІуэ Ю. А. яхуэзащ зэрызэдэлажьэнумкІэ Санкт-Петербург щызэращІылІа Генеральнэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ Китай Цыхубэ Республикэм къикІа делегацэм хэтхэм

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Ю. А. Правительствэм и Унэм щахуэзащ Китай Цыхубэ Республикэм и къэрал корпорацэхэм я лыкІуэхэу «China Petroleum Technology and Development Corporation» компанием и президент Го Чжао, «Чайна Куньлунь Контрактинг энд Энжиниринг Корпорэшн» компанием и генеральнэ директор Хуатан Чжоу сымэ зи пашэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Урысейм и Правительствэм и УнафэщІ Медведев Дмитрийрэ Китай Цыхубэ Республикэм и Къэрал Советым и Премьер Кэцян Лирэ Санкт-Петербург щрагъэкІуэжа 21-нэ зэІуцІэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленнэ комплекс къыщызгъэпэщыным хуэгъэзауэ зэрызэдэлажьэнym теухуа Генеральнэ зэгурыІуэныгъэм пыщІа Іуэхуэм. КІуэкІуэ Юрий зэрыжІамкІэ, а зэгурыІуэныгъэм арэгуэру зэ къигъэлъэгъуащ Урысей Федерацэмрэ Китай Цыхубэ Республикэмрэ я унафэщІ нэхъыщхьэхэр лъэныкъуитІми я сэбэп хэлъу зэдэлажьэным, къэралитІым я цыхуэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным и телъхьэу зэрыщытыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ «ЭТАНА» инвестицэ проектыр гъэзэщІэныр къэралитІым яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр щыналъэ ІэнатІэм щыгъэбыдэнымкІэ сэбэп зэрыхьунyр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ мы промышленнэ комплексыр лажьэу утІыпщыным мыхьэнэшхуэ иІэщ иджыдрей технологиехэр къэгъэсэбэпынымкІэ, лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къызэІуихынымкІэ, экономикэм мылъку къэзылэжь и ІэнатІэм зыщІэгъэкъуэнымкІэ. Проектым апхуэдэу ди республикэм и мызакъуэу, зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и дежкІэ стратегие мыхьэнэ иІэщ.

Китайм и лыкІуэхэм къыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыдолажьэм зрагъэубгъуну, къапэщыт къалэнхэр тэмэму икІи ягъэуба пІалъэхэм къриубыдэу зэфІагъэкІыну зэрамурадыр. «ЛъэныкъуитІри дэ зы гуп зэкъуэту дыщытщ», - жиІащ Хуатан Чжоу.

«Мы проектыр зэрагъэзащІэм кІэлъплъыным къарал мыхьэнэ зэриІуэтам дэ къытхуегъэув зэрытхуэзфІэкІкІэ тэмэму дыпэжьэну», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Ю. А.

КЪБР-м и Іэтащхьэм хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ Китай Цыхубэ Республикэм кІуэну зэрырагъэблэгъам папщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Я махуэшхуэм ирихьэлІэу КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм зэрехъуэхъур

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу. Фэ фи гъащІэр хуэзгъэпсащ конституцэ хабзэр хъумэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм псэужкІэ мамыр, тэмэм кьахуэзгъэпэщыным. Нобэ дэ ветеранхэм пщІэшхуэ зэрахуэтщІым къыдэкІуэу, блэкІа щІэблэхэм я хабзэ ГъуэзджэхэР зыгъэбагъуэхэр, цІыхубэр яхуэсакъыу зыхъумэхэр, цІыхухэм законкІэ яІэ хуитныгъэхэр къыззыгъэпэщхэр, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я шынагъуэм пэщІэтхэр икІи цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр зыхъумэхэр догъэлъапІэ. Шэч къытехьэркъым, фэ дяпэкІи законым и хъумакІуэ нэсу фызэрыщытынym, хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ республикэм къызэрыщызэбгъэпэщынym.

Узыншагъэ быдэ, насып,efІэкІуэныгъэ фиІэну, фызыпэрыт къулыкъym фехъуІэну сынывохъуэхъу.

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий эфирым зыщыхуэвгъэзэнумэ

РЕСПУБЛИКЭМ И УНАФЭЩІЫР ЩЭКІУЭГЪУЭМ И 18-м СЫХЬЭТ 17.00-м «УРЫСЕЙ-1» (КЪБР) КАНАЛЫМ ЗАНЩІЭУ ЭФИРЫМ КІУЭУЭ КЪЫЩЫПСЭЛЪЭНУЩ

Фи упщІэхэр тхуэ е видеокамерэкІэ техауэ **Press-glava@kbr.ru** электрон адресымкІэ евгъэхь е **8(8662) 40-76-19**, **8(8662) 40-43-07** телефонхэмкІэ сыхьэти 9-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 18 пщІондэ фыпсалъэу яжефІэ хъунущ.

ІэщІагъэхэм щыхурагъаджэ ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 19-м нэсыху иубзыхунущ лэжьапІэнШэхэмрэ зи ныбжьыр илъэсищым иримыкъуа сабийхэм яБгъэдэс цІыхубэхэмрэ нэхъ щІэупщІэ зиІэ ІэщІагъэхэм 2017 гъэм зыхурагъаджэну Іуэхущ Іапі эхэр.

Мы Іуэхум щыгъуазэ зыщыдгъэІущ хъунущ Налшык къалэ, КІыщокъуэм и уэрам, №100 адресымкІэ, 8(88662) 42-14-86, 42-50-79 телефонхэмкІэ е **www.mintrudkbr.ru сайтым**.

● Дыгъуасэ

Республикэм щыпсэухэращ псом япэ ІэнатІэкІэ къызэрагъэпэщынур

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий щэкІуэгъуэм и 9-м яІуэщІащ Китай Цыхубэ Республикэм и къэрал корпорацэхэм я лІыкІуэхэм - «China Petroleum Technology and Development Corporation» компанием и унафэщІ Чжао Го, «Чайна Куньлунь Контрактинг энд Энжиниринг Корпорэшн» Китай компанием и унафэщІ Чжоу Хуантан сымэ.

«ЭТАНА» промышленнэ комплекс иныр КЪБР-м щыухэзыным теухуауэ Китайм и компание нэхъ лъэщхэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ зэрызэдэлажьэнym щытепсэлъыхьащ зэІущІэм.

- Проектыр, щэч хэмылъу, республикэм и экономикэм зиужьыным хэущІэкъпэнчуд, - жиІащ Мусуков Алий зэІущІэр къыщыдзІуихым. - Апхуэдэ проект ин Кавказ Ищхъэрэм щыІэкъым. Ар щедгъажьэм полимерым и закъуэ къыщыщІэдгъэкІыну тедухуами, иджыдрей проектымкІэ полимерым абдж къыхащІыкІыжра абы псы ираГъэхъуэжу тщІыну ди мурадщ.

«ЭТАНА» инвестицэ проектым урысейкитай зэпэщІэныгъэхэр нэхъри яГъэбыдэну къыззрилъытэр къыхигъэщащ Правительствэм и Унафэщым. А проект иныр ираГъэжьэныр къэралитІми къыщыщІагъэкІ хьэпшыпхэр зегъэкІуэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуу къыззрилъытэм, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыным, экономикэм и щытыкІэр ефІэкІуэным ехьэлІауэ абы куэдкІэ зэрыщыгугъым и гугъу ищІащ Мусуковым.

Ди республикэм щыщу ухуакІуэ компание 15-м нэблагъэ а ухуэныгъэм хэтыну тращыхьащ. Мусуков Алий къыззрыхигъэщамкІэ, Іуэхущ Іапі эр щауХуэкІи, хьэзыр хъуа иужькІи псом япэ ІэнатІэкІэ къызэрагъэпэщынyр республикэм щыпсэуХэращ.

Чжао Го жиІащ къэралитІым я премьерхэр хэту Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэм лъэныкъуэхэм фІы къахудэкІуэну зэрыщыгугъыр. Апхуэдэ дзыхь къызэрырагъэзамкІи фІыщІэ яхуищІащ бысымхэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ яхуэтщІэныр ди дежкІэ щІыхьышхуэщ. Сэ Урысейм куэдрэ сыщыІащ, ауэ фи деж иджы япэу сыкъакІуэу аращ. Къэхъулъатэм сыкъызэрибжъкъуКІыу хуабагъ гуэр зыхэсщІащ, щыналъэм и щыуэпсым и дахагъэм, и цІыхухэр къызэрыгуэкІыу зэрыщытым сатхьэкъуащ. Сэ зэи сыщыгъупщэжкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызахха хьэщІагъэр, «ЭТАНА»-м и лэжьакІуэ гупым дахуэзэ иужькІэ къыдгурыІуащ ахэр Іуэхум гуэз-лІуэ яІэу зэрыбгъэдэтыр. Дыщогугъ проектыр республикэм щыпсэухэм я гъащІэр егъэфІэкІуэнымкІэ сэбэп хъуну, - жиІащ абы.

Чжао Го зи унафэщІ компаниер къэрал 54-м щолажьэ, я къудамэхэр хамэ къэрал 73-м къыщызэрагъэпэщащ. Илъэс 20 хьуауэ ди къэралым щолажьэ, проект ин куэди ягъэзэщІащ.

«ЭТАНА» заводым и генеральнэ унафэщІ Іэщын Сергей къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ зэман кІэщІым кІуриубыдэу зэфІагъэкІа лэжьыгъэ иным. Къэрал мыхьэнэ зиІэ хъуа проектыр ирагъажьэмэ, промышленностым хэпщІыкІу зэрызиужьынум и гугъу ищІащ Іэщыным. А проектыр щагъэзащІэкІэ гулъытэ хэха хуащІынущ щыІуэпсым и къабзагъэр хъумэным, абы ехьэлІауэ щыІэ хабзэхэм къагъэув мардзэхэм тету Іуэхур къызэгъэпэща хъуным.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Уэрам сатур къемызэгъыжу къалъытэ

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм къотхьэусыхэ Неделинэм и уэрамым тет унэ №6-м щыпсэуухэр. Абыхэм я тхыгъэхэр зытеухуар езыхэм япэгъунэгъуу бззэр щыІу зэрыщыгъэзэрихьэрщ.

● Абы дегъэпІейтей

ЩХЬЭУСЫГЪУЭ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу 2011 гъэм къалэ администрацэм хуит ищІауэ щытащ «Искож» хьэблэм пхъащхьэмыщхьэхэмрэ хадзэхэкІэмрэ щащэ бззэр цыкІу щызэхьхьэну. Апхуэдэ хуитыныгъэ зратауэ щытар хадз зиІэ икІи пхъащхьэмыщхьэхэмрэ хадзэкІэхэмрэ зыгъэкІ пенсионерхэрт. Апхуэдэу щыт пэтми а бззэрыми псынщІэу зиубгъащ икІи Ашуровымрэ Неделинэмрэ я уэрамхэм я зэблэкІыпІэм хуэзэ зекІуапІэхэри щхъуантІагъэхэр зыхэт щІыпІэхэри иубыдащ. Абдеж щызэхуэсу хуежьащ ерыскъыпхъэхэм химыубыдэ хьэпшыпхэр зыщІэхэри. Апхуэдэ сатур санитарэпидемиологие мардзэхэм зыкІи кьезэгъыркъым.

Аращ Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм щэхуакІуэ рынокымкІэ и управленэм я лэжьакІуэхэм, МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм и уполномоченнэ участковэхэм, Роспотребнадзорым и Іуэхущ Іапі эу КЪБР-м щыІэм я лэжьакІуэхэм административнэ къуаншагъэхэмкІэ протоколхэр щІэх-щІэхыурэ ятхын хуей щІэхъур.

Дяпэкіэ апхуэдэ мыхъэмылІэжьын папщІэ унафэ ящІащ сатур зыщыну хуейхэм «Искож» бззэрым сату щыпІэхэр щыхухахыну.

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Мы махуэхэм

Щэкіуэгъуэм и 10, *махуэку*

♦**Мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ яхуэлажьэ щІэныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**ФІэгъым и дунейпсо махуэщ**

♦**Бухгалтерым и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэм я махуэщ**

♦**1741 гъэм** Черкасский Алексей (адыгэщ) Урысейм и канцлеру яГъэващ.

♦**1933 гъэм** Нобель и саугъэтыр урыс тхакІуэ, усакІуэ **Бунин Иван** къыхуагъэфащащ.

♦**1935 гъэм** Орджоникидзе кьалэм (иджы Владикавказщ) къыщызэІуахащ Осетие Ищхъэрэм и къэрал драмэ театрыр.

♦**1961 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ Сталинград кьалэм и цІэр Волгоградэ зэрахъуэкІащ.

♦Авиаконструктор, академик, генерал-полковник, Социалист Лъэныкъуэм щэнейрэ и Лыхъужь, Ленин саугъэтымрэ СССР-м и Къэрал саугъэтымрэ (тхуэнейрэ) зыхуагъэфаща **Туполев Андрей** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Совет конструктор, генерал-лейтенант, техникэ щІэныгъэхэм я доктор **Калашников Михаил** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Зеижьэ къуажэм щыщ щыхъуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Журналист, тхакІуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шыбзыхъуэ Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКъУ-м и президент, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къарэмырэ Барэсбий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКъМУ-м и профессор **Шал Тимур** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 18, жэщым градуси 8 - 11 щыхъунущ.

Щэкіуэгъуэм и 11, *мэрем*

♦**Энергиер хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Полыцэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**Ящэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ**. Ар екІуэкІащ 1914 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыщыщІэдзауэ 1918 гъэм щэкІуэгъуэм и 11 пщІондэ икІи къалъытэ къэрал нэхъыбэ дыдэ зыхэта зауэхэм ящыщу.

♦**1990 гъэм** дунейм къытехьащ «Российская газета»-м и япэ хущІэкІыгъуэр.

♦Урыс тхакІуэщхуэ Достоевский Фёдор къызэралъхурэ илъэси 195-рэ ирокъу.

♦Полковник, Бэракъ Плъыжь ордену 6 зрата **Шемякин (Къардэн) Михаил** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и Лыхъужь, генерал-майор **Къардэн Къубатий** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КЪБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гальперин Григорий** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКъМУ-м и профессор **Жанджэрий Юрий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КЪБР-ми мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Хьэмыкъуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ Іэдэм** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр щІэрыІуэ, продюсер **Леонардэ Ди Каприо** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 16, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щхьэщытхъу псори пцІыупсщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий:

Китайм щыщ инвесторхэм къэрал зэгурыІуэныгъэ зэретщІылІар мыхьэнэшхуэ зиІэщ

КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Правительствэм и зэІущІэ зыубгъуа. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ инвестицэ проект инхэр гъэзэщІэнымрэ теухуа Іуэхуэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэ Канунников В. А., КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ., министерствэхэмрэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ я унафэщІхэм, муниципальнэ зэгъэзэныгъэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым КІуэкІуэ Ю. А. къыхигъэщащ Урысейм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Д. А., Китай Цыхубэ Республикэм и Къэрал Советым и Премьер Кэцян Ли сымэ Санкт-Петербург щыщызэІущІам Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Китай лъэпкъ корпорацэ нэхъ лъэщхэм ящыщу тІымрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм мыхьэнэ хэха зэриІэр. ЗэрызэгурыІуар «ЭТАНА» промышленнэ комплексыр къызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ лъэныкъуэхэр зэдэлажьэнырщ. Ар пхыгъэкІынымкІэ щІэгъэкъуэныщхуэ къахуэхъуащ Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэри, Урысей Правительствэри, Нэгъуэщі къэрал Іуэхуэхэмкіэ, Промышленностымрэ сатумкІэ, Энергетикэмкіэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэхэри. Республикэ Унафэщым федеральнэ къэрал къулыкъущІапІэхэм фІыщІэ яхуищІащ апхуэдэ гупытэмрэ дэІэпыкъуныгъэмрэ папщІэ.

Китай лъэныкъуэр а Іуэхум евгъэлІэныжьмкІэ арэзы хъущ КНР-м и Къэрал Советымрэ КНР-м и Энергетическэ управленэ нэхъыщхьэмрэ. ЗэгурыІуэныгъэр къэрал унафэщІхэр арэзы зытекхьуэу зэращІылІэхэм я мардзэм хагъэхьэнущ икІи китай лъэныкъуэм и пщэ дилтьхьэж Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу увынущ. ЗэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзащІэм я нэІэ тетынущ Урысейм и Правительствэмрэ КНР-м и Къэрал Советымрэ. Абы мылъкушхуэ хухах, къыхигъэщащ КІуэкІуэм. Ар доллар мелард бжыгъэ мэхъу, абы цІыху минхэр лэжьапІэ ІэнатІэкІэ къызэригъэпэщынущ. Проектыр 2016 - 2023 гъэхэм кьриубыдэу яГъэззщІэнущ. «ЭТАНА» промышленнэ комплексыр лажьэу зэтегъэувэным Урысейм и Ищхъэрэ щІыналъэ псом зиужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэнущ.

Іуэхущ Іапі эр и лъэщагъ псомкІи лажьэу зэтраухуэмэ, къэралыр полимер материалу зыхуеинум и процент 85-р къыщІигъэкІыфынущ абы. Ар къэралым кърашэ продукцэр гъэмэщІэным и мызакъуэу, къыщІигъэкІыр нэгъуэщІ хэкуэхэми щищыным, абы нэгъуэщІ ІэнатІэхэми зыдегъэужьыным хуэгъэпсауэ щытынущ. «Ар Іыхьэ куэду зэхэлъ проектщ», - къыхигъэщащ республикэм и Унафэщым. КЪБР-м и Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, щІыпІэ самоуправленэхэмкІэ органхэм я унафэщІхэм хуагъэуващ экономикэм а и унэтІыныгъэм зегъэужьыным сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн хуэхъуну.

Китайм а зэгурыІуэныгъэр етщІылІэным и пэ къихуэу абы зыхуэгъэхьэзырыным теухуа лэжьыгъэшхуэ екІуэкІащ, жиІащ «ЭТАНА» полимер къабзэхэм я завод» ООО-м и унафэщІ Іэщын Сергей. 2010 гъэм проектыр ираГъэжьат. Ауэ, щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу, абы унафэ хуэщІынир зэрызэблэуари, республикэм щыІэ криминогенпэ щытыкІэм зэрыІуигъэщтари абыхэм яхэту, ар гъэзэщІэным инвесторхэр тегушхуэжакъым.

2014 гъэм республикэм и унафэщІхэм къаруушхуэ ирахьэлІащ проектыр къыдэхьажэу абы елэжьынуxэр кьеШэлІэным. Илъэсым кІуэдыдэу щагъэхуэбжьащ уху ныгъэ лэжьыгъэхэр, инженернэ, транспорт, энергетическэ инфраструктурэхэр зэтеухуэныр. Иджырей проектыщІэр япэм къыхалъхьауэ щытам куэдкІэ къыщхьэщокІ. Нэхъапэм полимерхэр къыщІигъэкІын къудейм елэжьынy щытамэ, иджы абы къыбжу зрауГъэубгъунущ - сырьёр къыщІигъэкІыным къыщыщІэдзауэ продукцэр нэгъуэщІ къэралхэм егъэшэным нэсу, абы къыдэкІуэуи проектыр хуэдилІкІэ нэхъ ин хъуащ.

Тырныауэ вольфрамрэ молибденрэ къыщыщІахьыу зэтеублэжьным ехьэлІауэ Урысейм и Президент Путин В. В. къащищІа пщэрылъыр зэрагъэзащІэм, гидрометаллургие заводыр Налшык дэхауэ апхуэдэ нэгъуэщІ щІыпІэм щыщІыным пыщІа Іуэхуэхэр зэрекІуэкІым теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ Мусуков А. ТІ. КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ а ІуэхуитІри зэгъусэу гъэзэщІэн зэрыхуейр, абыхэм я лэжьыгъэр экологием зэран хуэмыхъун хуэдэу зэрызэтеухуапхъэм хэхуаи и гугъу ищІащ.

ЗэІущІэм щыхэплъащ агропромышленнэ комплексым мылъку хуэхэхьным, хьэрычэтщІэ мащІэмрэ курытымрэ защІэгъэкъуэным, лажьэпІэ ІэнатІэщІэкъэ, абы зи узынщагъэм сэкъат иІэхэр щылэжьэфынухэри яхэту, къызэІуихым, теухуа къалэнхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Щэкlуэгъуэм и 10-р Урысей Федерацэм къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ и органхэм я лэжьакlуэм и махуэщ

Мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр зэфIах

Хабзэхъумэхэр, абыхэм ягъэзащIэ лэжьыгъэм и мыхьэнэр дигу кьыщыкlыжыр гузэвегъуэ дыщыхэхуэхlэщ. Апхуэдэ куэдрэ къыз эрымыхъур абыхэм зэрафIыщIэм шэч хэлъкъым, дауи. Кьыдгуроlуэ, ахэращ мамыру дыпсэуным теухуауэ къалэнышхуэ зыгъэзащIэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм Къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ и министерствэм и лэжьакlуэхэм я махуэр щэкlуэгъуэм и 10-м ягъэлъапIэ. Абы и тхыдэм 1718 гъэм къыщыщIедзэ. Пащтыхь Пётр Езанэм а зэманым жылагъуэ хабзэр зыхъумэну полицэ Урысейм къыщыззэрегъэпэщауэ щытащ.

1917 гъэм къэхъуа Октябрь революцэ нэужьым РСФСР-м Къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ и Цlыхубэ комиссариатым и унафэкlэ полицэр рабочэ милицэ хъуащ. Ятэщlыкlэ ахэр щIыпIэ Советхэм я унафэм щIэтащ, иужькlэ Къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ наркоматым, 1946 гъэм Къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ министерствэм. Илъэс куэдкlэ щэкlуэгъуэм и 10-р Милицэм и махуэу къекlуэкlащ, 2011 гъэм гъатхэпэм и 1-м «Полицэм и Iуэхукlэ» законыщIэм къару игъуэтати, ар къемызэгъыж хъуащ икlи Урысей Федерацэм и Президентым а гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къыдигъэкlа Указ №1348-м и ужькlэ иджы хуэдэу еджэ хъуащ - УФ-м Къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ и органхэм я лэжьакlуэм и махуэщ.

ФIы куэд яхужьIпIэфынущ хабзэхъумэхэм. Абыхэм ди къэралым и лъэхъэнэ псоми зэи мыкlуэдыжьын лъэужь кьыханащ, лIыхъужьыгъэ нэскlэ гъэнщIауэ. Мыри кьыхэдгъэщIапхъэщ: революцэм и ужькlэ гуащIэрыпсэухэм я гугъащ Граждан зауэр ихрэ псэукlэщIэ зэтраухуэмэ, щIэпхъажджагъэ псори кlуэдыжыну икlи милицэм къэралыр хуэмеижыну. Арщхьакlэ, а псори гугъэ къудейуэ кьыщIэкlащ. Абы и закъуэкъым: щIэпхъаджагъэ зэралажь Iэмалыщ1э куэд кьагупсысырт, апхуэдэ хьилагъэкъэ сэтей кьащIын, бзаджащIэхэр яубыдын папщIэ хабзэхъумэхэм щIэныгъэ яIэн, лIыгъэ яхэлъын хуейт.

Зэманым кьыгъэлъэгъуащ абыхэм ар зэрахуэзэфIекlар.

Ди зэманри тыншкъым хабзэхъумэхэм я джекlэ. Абыхэм жэщмахуэ ямыIэу яхъумэн хуей мэхъу къэралымрэ жылагъуэмрэ я шынагъэншагъэр, щIыхуэхэр мамыру лэжьэныр, псэуныр.

Урысей къэралыгъуэм и хабзэхъумэ Iэнатlэм щIыхь зиIэ и хабзэхэм пашэу, КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакlуэхэмэ я къалэн къэрал и хабзэхэм ящыIэ, КъБР-м щыIэ лагъуэ хабзэр республикэм къыщызэгъэпэщынымкlэ къэралым дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр зэфIах. Куэдрэ къэхъуащ абыхэм я Iэнатlэм пэрыту я псэр щата. Дэ ахэр тщыгъупщэнукъым. Абыхэм я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ къэралым кlуэцl Iуэхухэмкlэ Iэнатlэхэм пэрыувэ лэжьакlуэщIэхэм я джекlэ щагъэхъэщ.

Ди полицэр и махуэшхуэм IуощIэ жэуаплныгъэ зэрахьыр, я лэжьыгъэр къаэрыщIыхьыр нэхъыщхьэу къэзыгъэлъагъуэр щIыхуэхм кьыхуащI дзыхьыр, ахэр щIэпхъаджагъэхэм щ1ахъумэжыр зэрыарэ зыхащIэу.

Илъэс куэд лъандэрэ хабзэу къызэрекlуэкlщи, хабзэхъумэхэм я махуэм и щIыхькlэ концертышхуэ ят, лэжьакlуэ пэрытхэм гулыпитэ хуащI.

УАРДЭ Жансурэт.

Урологиемкlэ къудамэм и унафэщI Тэрчокъуэ Заурр э *(щытхъм яку дэтырц)* и лэжьэгъуэхмрэ.

«Дамэтелъ зытелъ артистхэм» утыкур ягъэбжьыфIэ

Къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм художественнэ самодеятельностымкlэ и фестиваль 2016 гъэм ирагъэкlуэкlащ, «Звёздная осень» зыфIаца а Iуэху гуапэр зэрауха концерт щыIащ иджыблагъэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и районхэмрэ Налшык къалэмрэ щекlуэкlа фестивалым и турхэм хэтащ цIыкlу 300-м щIигъу - Iэнатlэм и лэжьакlуэхэр, абыхэм я унагъуэхэр. Иджы япэу а Iуэхум къыхьыхьащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкlуэда лэжьакlуэхэм я унагъуэхэм щыщхэр. Хабзэ зэрыхъуауэ, фестивалым жыджэру хэтащ Къзбэрдей-Балъкъэрым и кадет школхэм щеджэхэр, къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ Iэнатlэхэм я ветеранхэр.

Фестивалым и кlэух концертым щагъэлъэгъуа зэфIэкlыр зыхуэдэр къыпщытащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Балъкъыз Валерэ зи Iэтащхьэ жюрим.

Концертыр удихьэхыу, дэрэжэгъуэкlэ гъэнщIауэ екlуэкlащ: макъамэ ансамблхэр, къэфакlуэ гупхэр, уэрэджыIалкlуэхэр, усэ кьеджэхэр - гухэхъуэт щIалэгъуалэм уахэплъэну.

МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Текуев Амур жиIащ «дамэтель зытелъ артистхэм» ягъэлъэгъуар жюрим хэтахэм гъэщIэгъуэн зэращыхъуар, гулъытэ щхьэхуэ зыхуэщIыпхъэ абыхэм зэрахъэр, адэкlи заужыну зэригупэр. Езыми концертым хэтхэм папщIэ уэрэд игъэзащIащ.

Къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ министерствэм КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэм щыгъуазэ дызэрищIащи, фестивалыр ирагъэкlуэкlыныкlэ къадэIэпыкъуащ Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм Щэнхабзэмкlэ и управленэм и унафэщI Токъуий Маринэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Псалъэ гуапэ

Къущхьэ Севим дохъуэхъу

Тыркум щыщ тхакlуэ цIэрыIуэ, ди лъэпкъэгъу пащащэ Къущхьэ Севим адыгэм и цIэр лъагэу иIэту щопсэу Истамбыл.

ТЫРКУМ Щэнхабзэмкlэ и министерствэм къыдигъэкl «Мазэрэ вагъуэрэ» газетым щылэжьащ. Иджыпсту ухуакlуэ фирмэм инженер-къэпщытакlуэу щыIэщ. Севим нобэкlэ итха романышхуэхэм къищынэмыщIауэ, щэнхабзэм теухуауэ щыпIэ куэдым къыщыдзкl журналхэм къытрадзащ и Iэдакъэщ1кlэр.

Къущхьэ Севим Кьайсэр кьалэм епха Узун-Пынар (Псынэ Кlыхь) къуажэ цIыкIум 1966 гъэм къыщыхъуащ. И ныбжьыр илъэситIым иту и унагъуэр Истамбыл Iэпхъуауэ щопсэу. Истамбылщ курыт школри еджапIэ нэхъыщхьэхэри къыщиухар. Ялэу зыхуеджар инженер Iэщ1агъэрами, зэрыцIыкIу лъандэрэ тхакlуэ хъуну и хъуэпсапIэт. Инженеру тIэкlуэр лэжьа нэужь, инджылызыбзэ зригъэщIэн папщIэ Америкэм кlуащ, абы щыгъуэ хуэмурэ тхэн щIидзащ.

Ди лъэпкъэгъу пащащэм ялэу и Iэдакъэ къыщIэкlар «Узынщэу ущыт, Нисан!» романращ. Абы зи гугъу щIидзыр езым и студентыгъуэ илъэсхэрщ: щIалэгъуалэм я зэхущытыкlэр, балигъ гъащIэм хэмыбэкъуа ныбжьыщIэхэм я гупсысэкlэр, зэхэтыкlэр, нэгъуэщIхэри. Ар 1993 гъэм тхын иухри, 1996 гъэм дунейм къытехьащ ялэ романыр. Икlи тырку литературэм нэхъ тырыхьу къыщыдгъэтэ тхакlуэ цIэрыIуэхэм я тхыгъэр нэхъыфIхэм зэрыхабжам Севим тригъэгушхуауэ жыпIэ хъунущ.

Абы хуэм-хуэмурэ къыкlэлъыкlуащ адрей романхэри. Псом нэхърэ нэхъ къехъулIауэ куэдым къалъытэр «Жьыбгъэмэ къызэпих шухэр» романырщ, адыгэ лъэпкъым теухуарщ. Севим щыцIыкIм и адэшхуэ Гъуэр, и адэ Решат и къуэшхэм жалэжу зэхихахэрщ и тхыгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу къыщыгъэлъэгъуэжар. Икlи ильэси 150-рэ ипэкlэ екlуэкlа зауаем, ди лъэпкъым и щхьэм къырикlуам, хамэ щыпIэ зэрырапхъам теухуауэ Тыркум сыт щигъэгъуэм щIидзыкlщ, дэфтэр, архив куэдым хэпльэри, итхын щIидзауэ аращ.

Мы тхыльым урипльэмэ, зауэ, зэхэуэ, зэрыукI, пщыхъэм щIыхуу къамыльытэ пщыл1, зэныкъуэкъу - цIыхуугъэм къыщIэщIэ къуэшыр, сымаджэм я гъэпльэн, абы и гъащIэм пезыгъашэ дохутырхэм фIым я фIыжьыр яхуэфащэкъэ! Тэрчокъуэ Заур зи нэхъыжь гупым и зэхэтыкlэ дахэм удимыхьэхынкlэ Iэмал иIэжым. Сыхьэтым хуэдэу зэтеуухуащи, гъэхуауэ, гугъэзагъэу я лэжьыгъэр докI. Псори зэрыIыгъщ, дохутыр Iэщ1агъэм кьыззэрыхуауэрэ и щыхьэту, псэ кьабзэкlэ сымаджэхэм ябгъэдэтщ. Сыхъужьыхукlэ егупуу кьыскlэлъэпльащ, сызыхуэй хущхъуэхэр и чэзум къызахьэлIащ, медицинэ Iэмэпсымэ зэтегъэувэжкlэ къызэIэзащ. Зы псалъэу жысIэнщи, узынщагъэм и пльыр нэсхэщ. ФIыщIэ лей яхуэсщIыну сыхуэйт гупым и унафэщI Тэрчокъуэ Заур, дохутыр гумызагъэ Iуг1ыж Мартинрэ медсестрахэмрэ. А махуэхэм хьэкъыу спхькlащ урологиемкlэ къудамэм хабзэ дахэ зэрыщызэкlуэр, щылажьэхэр зэрыгушIэгъуэр, я Iэщ1агъэм зэрыхуэпэжыр, - жеIэ Аруан къуажэм щыщ унэгуащ, бынитхум я анэ Хьэжьыкъарэ Марие.

Дохутыр псэ кьабзэхэм я хэщIапIэри кьабзэщ. Къудамэм и бжэм уэрэбакъуэу ар нэм щащ цIыхухэр зэкъуэзыгъэувэ щэнхабзэ центру университетыр щытын зэрыхуейр. «Ди хъуэпсапIэу щыта тестыр нахуапIэ зэрыхъуамкlэ сыныввохъуэхъу», - жиIащ абы.

КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмэ социальнэ Iуэхухэмкlэ и проректор **Къумыкъу Iэуеси** жиIащ пIалъэ кlщIым кьрибудэу студент театрым театреплхэр иIэ зэрыхьыуар ехьулIэныгъэу къызэрильытэр.

Театрыр къызэрыунхурэ зы илъэс зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу, КъБКъУ-м и ректорым къыбгъэдэкl фIыщIэ тхьилъэ Дохъушокъуэ Мадинэ хуагъэфащащ, щIэблэм я эстетикэ гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIыкlыр художественнэ творчествэм зэрызригъэужьымрэ папщIэ. КъБКъУ-м и театрым и актёрхэми фIыщIэ тхьилъэр иратащ.

- Дяпэкlи лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкlэ фи пащхьэ дыкъыхьэну ди муradащ, - къызэхуэсахэр кьигъэгъуащ Дохъушокъуэ.

ДОЛ Иннэ.

316-нэ гарнизон дзэ прокуратурэм хъыбар фегъащIэ

316-нэ гарнизон дзэ прокуратурэм кьыщызэрагъэпэщащ цIыхухэм правовой дэIэпыкlуныгъэ езыт, дзэм гъэкlуэным пыщIа Iуэхухэмкlэ цIыхухэм зэрызыкlыхуагъазэхэм хэплъэ чэнджэщзагъэу-правовой центр.

Ди адресыр: КъБР, Налшык къалэ, Пятигорскэ уэрам, унэ 11.

Дзэ прокуратурэм и офицерхэр графикым тету махуэ кlэс, зыгъэпсэхугъуэхэмрэ махуэшхуэхэмри хиубыдэу, цIыхухэм яхуоз сыхьэти 9-17-хэм кьриубыдэу.

Центрым и лэжьыгъэм нэхъ зэпкlрыхауэ щыгъуазэ зыфIащIи папщIэ упсалъэ хьунущ 77-05-73 телефонымкlэ.

316-нэ гарнизон дзэ прокуратурэ.

● Щапхъэ

ФIыщIэ зыхуэфащэхэр

Жей куум хэтми, цIыхубз сымаджэм и псэр загъэркъым. МафIэ жьэражьэм щигъэсту, и гупсысэ хъужьIыжьхэр и пкъым щыIэ: кlуэ. Дуней нэхум кьыхуеIэу и псэр маджэ. Псори зэхих, и нэкlэ илъагъу хуэдэщ. И нэгу щIэкlыр апхуэдизу зэмыфэгъущ икlи нэIурытщи, зэкlэлъигъэпIащIэу мэIущащэ, зыгъэрым зэрихьэлIейтейм и щыхьэту, зэзэмызэ ину кьыхощтыкl, зэми псалъэ гурыхь, гуэрхэр щабэу кьегъэIэсэ... Апхуэдэурэ пщIыхьым къыпокlри, хуэмурэ и нэхэр къызэтрех. КъызэщIуами, щымщ, здэщыIэр зэригъэзахуэ щIыкlэу, зэщIодэIукl...

- УИ ПЩЭДДЖЫЖь фIыуэ, ди шыпхъу, ныжэбэ дауэ уеззгъа? - кьыхохьэ абы и гупсысэхэм цIыхухъу макъ.

А макъыр ецIыху, дапщэщи щIигъущ, итIани, зейр зэуэ кьыхуэщIэжьыркъым. Зэхихмэ, щIэдэIумэ, фIэфIу, ар къызэдиукlымкlэ сакъыу зегъазэри, пыгуфыкlыу кьыбгъэдэс щIалэ кьамылыфэм и нэ хъарпшэрхэр трегыбдэ. Кьегубзыгъыж: халат хужь щыгъыу кьыщIэупщIэр операцэм хуэзыгъэхьэзыра, абы тезыгъэгушхуа хирург Iэзэ Тэрчокъуэ Заурщ...

Сымаджэм и узыр щхьэщIзыхым, псэхугъуэ езытыжьым фIыщIэ лей хуэфащэщ. Абы псалъэм я нэхъ IэфIыр лъагъэс, уэрэд хуаус, хъуэхъу хужаIэ. Щыхум и псэм щыщIэр куууэ зыхищIэу, гудзакъэ иIэу и Iэнатlэ мытыншым пэрытхэм ящыщщ Аруан щIыналъэ сымаджэщым и урологие къудамэм и унафэщI Тэрчокъуэ Заур. Гумызагъэщ, гъащIэм нэ лей кlэ йоплъ, зэгуэр итауэ щыта тхъэрыIуэм хуэпэжу и къалэныр ирехьэкl...

И гум дыхьэу, и псэм фIэфIу ящыхьэ Iэщ1агъэм щIыкр егъэин, егъэлъапIэ. А лъапIэныгъэр и Iуэху зехьэкlэми, и гуп хэтыкlэми щыдалъагъу, мы гъащIэм гъусэ пэжу кьыщыдокIуэкl. Нарткъалэ кьыщалъхуа, щапIа ныбжьыщIэр курыт школым щыщIэс лъандэрэ дохутыр Iэщ1агъэм щIэхуэпсыр. Абы хуэпабгъэти, фIыуэ еджэрт, и мурадыр кьыззэрихулIэнум и нэщэнэу, гукlи псэкlи а Iуэхум хуэхьэзырт. Къэбэрдей-Балъкъэр хъарал университетым и медицинэ факультетым щыщIэсми, иужькlэ и Iэзагъэм щыхигъахъуэми зымащIэкlи бэлэрыгъакъым. Ерыщу, хэкъуэзауэ еджащ, и Iэщ1агъэм щIэныгъэ зригъэгъуэтри, и гур зэIухауэ, тегушхуэныгъэ хэпльу лэжьыгъэм пэрыхьащ. Ялэ махуэжэм щIэжьауэ абы игъэзэхуащ кьыхиха Iэщ1агъэм жэуаплныгъэ ин зэрыпылъыр, ар бгъэпэжьыр щхьэкlэ, шыIэныгъэшхуэ пхэпльн, хуэфащэ щIэныгъэ уиIэн зэрыхуейр. Лэжьэн зэрыщIидзэрэ Тэрчокъуэр а щIыкlэм ткIийуэ тетщ, зи унафэщI гупыр Аруан щIынальэ сымаджэщым дапщэщи щIащапхъэщ. Хабзэ дахэ щ1ызекlуэ унагъуэм щапIа, щагъэса щIалэм гущIэгъуэмрэ псапэмрэ я мыхьэнэр, «цIыхугъэ» псальэм и пльапIэныгъэр пасэу зыхищIауэ, зэпымыууэ ахэр щIыгъущ. ЗэIэзэ, игъэхъужа дэтхэнэми Iэфlу кьыхегъэщ Заур и псэ кьабзэгъэр, сымаджэм хуиIэ бгъэдыхьэкlэ щхьэхуэр.

- ЗэрытщIэщи, узыфIщIэкъым. Абы цIыхур егъэгулэз, бэлыхьышхуэ хигъэтщ. Зыим хигъэзыхьым и фэм икlыр къэIуэтэгъуейщ - и щхьэр зэрехьэ, дунейр фIэIэфIыжкъым, кьыпэплъэм егупсыс зэпытщ. Атlэ, и пкъым псэхугъуэ иратыжу, сымаджэм и нэхэр хуиту зыгъэплъэж, абы и гъащIэм пезыгъашэ дохутыр-хэм фIым я фIыжьыр яхуэфащэкъэ! Тэрчокъуэ Заур зи нэхъыжь гупым и зэхэтыкlэ дахэм удимыхьэхынкlэ Iэмал иIэжым. Сыхьэтым хуэдэу зэтеуухуащи, гъэхуауэ, гугъэзагъэу я лэжьыгъэр докI. Псори зэрыIыгъщ, дохутыр Iэщ1агъэм кьыззэрыхуауэрэ и щыхьэту, псэ кьабзэкlэ сымаджэхэм ябгъэдэтщ. Сыхъужьыхукlэ егупуу кьыскlэлъэпльащ, сызыхуэй хущхъуэхэр и чэзум къызахьэлIащ, медицинэ Iэмэпсымэ зэтегъэувэжкlэ къызэIэзащ. Зы псалъэу жысIэнщи, узынщагъэм и пльыр нэсхэщ. ФIыщIэ лей яхуэсщIыну сыхуэйт гупым и унафэщI Тэрчокъуэ Заур, дохутыр гумызагъэ Iуг1ыж Мартинрэ медсестрахэмрэ. А махуэхэм хьэкъыу спхькlащ урологиемкlэ къудамэм хабзэ дахэ зэрыщызэкlуэр, щылажьэхэр зэрыгушIэгъуэр, я Iэщ1агъэм зэрыхуэпэжыр, - жеIэ Аруан къуажэм щыщ унэгуащ, бынитхум я анэ Хьэжьыкъарэ Марие.

Дохутыр псэ кьабзэхэм я хэщIапIэри кьабзэщ. Къудамэм и бжэм уэрэбакъуэу ар нэм къыуедзэ. Санитаркэхэу Нэзэрхэ Людэ, Мадинэ, Хьэвэящхьэ Анжелэ, Кьунаш Риммэ сымэ абы и лъэныкъуэкlэ щытхъу яхуэфащIщ, тэмыплъэкъуакlыу кьабзагъэр кьызэрагъэпэщ, щеIэзэ пэшхэмрэ палатэхэмрэ егупуу зэрахьэ. Сыщыдзэкр махуэм щэнейрэ ягъашхэ. Ерыскъыр зэмылIэужьыгъуэу икlи щIэщыгъущ. Абы и тет, пщафIэ Iэзэ Арахъэ Светэ хуабэу, ззщхьэщыхауэ шхыныр и пIалъэм ярет.

Гупыр зэкъуэтмэ, зэдэIэпыкъуэ, лэжьыгъэр тэмэму зэтеубламэ, шэч хэмылъу, зи фIыщIэр унафэщIырщ. Урологиемкlэ къудамэм и нэхъыжь Тэрчокъуэ Заур абы и лъэныкъуэкlэ щапхъэщ. Илъэс тIощI хьуауэ скальпелыр Iэщ1ельщи, щыуэщхъуа кьхъуакъым. Операцэ нэужьым, зыкъиужьыжьыу, зэпымыууэ сымаджэм кlэлъоплъ, къищынэмыщIауэ, гупым и Iуэхур дагъуэншэу еунэтI.

- Тэрчокъуэр зи Iэщ1агъэм хуэпэж, зи лэжьыгъэм гукlи псэкlи ета цIыху щыпкъущ. Абы куэдым дыхуигъэсащ, дыхуиущиящ. И дерсхэр дапщэщи сэбэпышхуэ кьыстхуохъу, и Iуэху зехьэкlэр ди джекlэ щапхъэ нэсщ. Нэхъ цIыху гуапэ, дохутыр гумызагъэ, нэхъ унафэщI Iэсэ уигъэльэныхъуэнщ. «И Iэщ1агъэм кьыхуигъэщIащ», «И псалъэ Iэфlри хущхъуэщ» зыхужаIэр Заур хуэдэхэрщ. Къудамэм щекlуэкl псомкlи жэуап зэрихьыр зымащIэкlи зыщигъэгъупщэркъым. Апхуэдэу дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ я щIэныгъэм, я Iэзагъэм хэгъэхъуэным гулъытэ хуещI. Медицинэм щIэуэ кьищтэ Iэмалхэм зыхэдгъэгъуэзэн папщIэ, пIалъэ хэхам тету, еджапIэ дегъакlуэ, иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ, хущхъуэхэмкlэ къудамэр кьызэрегъэпэщ. «И гур итхьэщIыкlауэ цIыхухэм яхэтщ, цIыхупсэм и хьмакlущ», - жиIаIэ Тэрчокъуэм. А псалъэхэр Заур и бзэ гъфIым, и гущIэ хьэлэлым хуэфащэу кьыпокlуэ, - кьыхегъэщ медсестра нэхъыжь Безыр Оксанэ, я унафэщIым зэрыхуэзарэзыр къигъэльагъуэ.

Урологиемкlэ къудамэр гъуэлъапIэ пщыкlутхум хуэщIащ. Нэхъ сымаджэ хьэлъэхэмрэ операцэ яцIахэмрэ егъэзащIэ тынш яIэщ, абыхэм щхьэхуэу щакlэлъоплъ, щоIэзэ. Хуей хъумэ, я Iыхьлы гъунэгъуэр дыщIагъэлъащ, къищынэмыщIауэ, жэщкlэрэ дохутырхэр чэзуэу я мэпIащ. Нэхъапэм къудамэм ныбжьыщIэхэми щеIэзэу щытащ. Зэманыфl ипэкlэ зэрыщытам хуэдэу, иджы ахэр мы гупым къраныжьынущ. Абыкlэ зыхуэфащэ унафэ щыIащ, мызэкlэ лицензэр кьыщратынум поплъэ.

- Узым кьыхихъэзыхьыр тэмакъкlэщI щыхъу щыIэщ. Апхуэдэхэм дахуэсакъын, шыIэныгъэ тхэлъу дабгъэдэтын хуейщ. Гурыщхъуэ лъэпкъ едгъэщI хъунукъым - узыр хигъэтIэсэнущ, сымаджэр операцэм щигъэщтэнущ. Ди Iэщ1агъэр кьыхэзыхьым и пщэм кьалэныщхуэ кьыдохуэ. Абы пэжу, тэмэму ущехьулIэнур сымаджэр ди щхьэм еплъытмэщ. Си лэжьыгъуэми ар фIы-уэ кьаэзэрыгурыIуэм шэч кьытесхьэркъым. Сыту жыпIэмэ, абыхэм я псалъэ гуапэм, яхэлъ цIыхугъэм, я пльэкlэ кьудейм сымаджэм и узыр щхьэщхьу кьызолъытэ, - жеIэ кьудамэм и унафэщI Тэрчокъуэ Заур. - Iут1ыж Мартин ди Iэщ1агъэлI нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщщ. Хуэфащэ щIэныгъэрэ зэфIэкlы-шхуэрэ бгъэдэлъщ. Урологием пыщIа Iуэху куэд ипэкlэ егъэкlуатэ, иджырей Iэзэкlэм куууэ щыгъуазэщ, медицинэм и къэхутэныгъэ-щIэхэм фIыуэ хещIыкl икlи ахэр Iэрыхуэу къеГъэсэбэп. Ди медсестрахэр жэуапныныгъэ зыхэлъ защIэщ, ди щIэгъэкъуэн нэсщ. Апхуэдэщ мастэхэлъхьэ Аджырэ Оксанэ, палатэхэм егъэбыдыIлахэу Ширдий Людэ, Хьэкъун Тайе, Семэн ФатIимэ, АфIэунэ Оксанэ, Мэшыкъуэ Сэтэней сымэ. Медсестра нэхъыжь Безыр Оксанэ я пашэу «нэ плъэжьигъуэ кьыдззытхэр» зыхужраГъэIэу ахэр сымаджэхэм яхэтщ. Щыгъу лей мыльыхьуэу, Гиппократ и тхъэрыIуэм хуэпэжу лажьэ ди гуп зэкlуэтым щыщ дэтхэнэми и гупсысэр зыхуэгъэзар цIыхум и узынщагъэр зэтегъэувэжыращи, а къалэным хъарзынэу пэлъэщу къызолъытэ.

Мис апхуэдэщ урологиемкlэ къудамэм и IэхуущIафэр: я гур зэIухауэ, зэхуащIабэу, сымаджэм гугъэ иратыжрэ и псэр яГъэтынщу цIыхупсэм и плъырэжэ жэщи махуи абы щыззблокI. ГъащIэр нэхъ дахэ, нэхъ нэху зыщIыр цIыхугъэрщ, гущIэгъурщ, псалъэ Iэфlырщ. А псори мы гупым хабзэ дахэу кьыдокIуэкlри, дяпэкlи хигъэхъуэну ди гуапэщ.

МЫСОСТ Алий.

● Щэнхабзэ

Театрыр зы илъэс ирокъу

КъБКъУ-м и «Занавес» студент театрыр къызэрызэIуахрэ жэпуэгъуэм и 27-м илъэс ирикъуащ. Университетым и унафэщIхэр, и лэжьакlуэхэр, и студентхэр а пщыхьэщхьэм щызэхуэсащ Сокуров Александр и цIэр зэрихьэу еджапIэм щиIэ актовэ пэшым, театр гуэзджэм и дуней телъыджэм щыхьэщIэн папщIэ.

ТЕАТРЫМ и художественнэ унафэщI икlи и режиссёр **Дохъушокъуэ Мадинэ** зи пашэ гупым ягъэлъэгъуа театр теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэм, кьафэ дахэхэм, актёр джэгукlэ щIэщыгъуэм кьрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ. Пшыхьым хьхьэу утыку кьрахьащ Шекспир Уильям и «Ромео и Джульетта» трагедием, Гоголь Николай и «Ревизор», Куни Рэй и «Плохие парни» гушIэ спектакlхэм щыщ пычыгъуэхэр.

КъБКъУ-м и президент **Къарэмырзэ Барэсбий** адрей театреплхэмрэ фIыщIэ яхуищIу кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ цIыхухэр зэкъуэзыгъэувэ щэнхабзэ центру университетыр щытын зэрыхуейр. «Ди хъуэпсапIэу щыта тестыр нахуапIэ зэрыхъуамкlэ сыныввохъуэхъу», - жиIащ абы.

КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмэ социальнэ Iуэхухэмкlэ и проректор **Къумыкъу Iэуеси** жиIащ пIалъэ кlщIым кьрибудэу студент театрым театреплхэр иIэ зэрыхьыуар ехьулIэныгъэу къызэрильытэр.

Театрыр къызэрыунхурэ зы илъэс зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу, КъБКъУ-м и ректорым къыбгъэдэкl фIыщIэ тхьилъэ Дохъушокъуэ Мадинэ хуагъэфащащ, щIэблэм я эстетикэ гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIыкlыр художественнэ творчествэм зэрызригъэужьымрэ папщIэ. КъБКъУ-м и театрым и актёрхэми фIыщIэ тхьилъэр иратащ.

- Дяпэкlи лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкlэ фи пащхьэ дыкъыхьэну ди муradащ, - къызэхуэсахэр кьигъэгъуащ Дохъушокъуэ.

ДОЛ Иннэ.

Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI Пащты Герман 75

Пащты Герман Къэбэрдей-Балъкъэрым и Бахъсэн районым хыхьэ Куба куэдкIэ 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м къыщалъхуащ. 1957-1963 гъэхэм ар щоджэ Гре-ков М. Б. и цIэр зэрихьэу Дон Іус Ростов дэт художественнэ училищэм. 1964 гъэм къыщыщIэдзауэ и лэжьыгъэхэр щегъэлъагъуэ щIыналъэ, республикэ, урысей-псо, союзпсо, хамэ къэрал выставкэхэм. 1965 гъэм Налшык щокIуэкI езым и лэжьыгъэхэм трауху гъэлъэгъуэныгъэр. СССР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм 1967 гъэм хагъэхьэ. Украинэм Фёдоров Иван и цIэр зэрихьэу щыIэ полиграф институтым ар щеджащ 1968-1974 гъэхэм. «Горской песни два крыла» и диплом лэжьыгъэм урысейпсо зэпеуэм и щIыхь тхылъым и етIуанэ нагъыщэр къыхуагъэфащэ. КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI цIэр Герман зэрехьэ 1981 гъэ лъандэрэ. 1989 гъэм къыщыщIэдзауэ Краснаярск къэрал художественнэ институтым ксилографиемкIэ щрегъаджэ. 1992 гъэм Налшык щокIуэкI и лэжьыгъэхэм я етIуанэ гъэлъэгъуэныгъэр. СурэтыщI гъэзэджэхэмкIэ Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэр игъэбелджылыуэ УФ-м и Президентым деж щыIэ комиссэм 1992-1997 гъэхэм хэтащ. УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI цIэ лъапIэр абы къыфIащащ 1995 гъэм. А гъэ дыдэм Краснаярск къэрал художественнэ институтым и творческэ мастерской и унафэщI мэхъу, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и дыжьын медалыр къыхуагъэфащэ. 1997 гъэм профессор цIэр къыфIащ. ХудожествэхэмкIэ Урысей академием Краснаярск къалэм щиIэ къудамэм и пэшхэм и лэжьыгъэхэр 1998 гъэм щагъэлъагъуэ. А гъэ дыдэм Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм Краснаярск ксилографиемкIэ щиIэ студием и унафэщI мэхъу. ХудожествэхэмкIэ Урысей академием Краснаярск къалэм графикэмкIэ и мастерскэйм и унафэщIу 1999 гъэм агъэув. Краснаярск крайм и губернатор Лебедь А. И. сурэтыщI гъэзэджэхэмкIэ и саугъэтыр Пащтым къыхуагъэфащэ, Пушкин Александр къызэралъхуэр илъэс 200 щрикъум ирихьэлIэу. Пушкиным и цIэкIэ ягъэува дыщэ медалыр 2000 гъэм къыхуагъэфащэ. ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и член-корреспондент 2001 гъэм хахащ. Урысейм и цIыхубэ сурэтыщI, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Пащты Герман Краснаярск щопсэу икIи щолажьэ. Германрэ и щхьэгъусэ Жаннэрэ зыпхъуэрэ зы къуэрэ яIэщ - Лилиерэ Пащт-Хъан Алимрэ.

Путин Владимир Екатериноградскэ станицэм щыхуэзащ. *2001 гъэ*

КIыщокъуэ Алим Герман и гъэлъэгъуэныгъэм къеблэгъащ. *1984 гъэ*

Дызэрыгушхуэ адыгэлI

Пащтыр илъэс 26-м иту СССР-м и СурэтыщIхэм я союзым хагъэхьащ. И сурэтхэр къытехуащ «Дружба народов», «Художник», «Панорама» журналхэм, «Известия», «Советская культура», «Литературная Россия», «Книжное обозрение» газетхэм.

УРАЛЫМ щыщIэдзауэ КъуэкIыпIэ Жыжьэм нэс, Улан-Удэ щегъэжьауэ Якутск щиухыу щегъэлъагъуэ Пащтым и лэжьыгъэхэр. Совет властым и зэманым ксилографхэм я гравюрэ 600-м я гъэлъэгъуэныгъэ СССР-м и республикэ 16-м къыщызэрагъэпэщыну я мурада щхьэкIэ, къайхъулIатэкъым. Китайр гравюрэ 1000-м къыщыщIэупщIэм, Пащтым ар зыпэмыльэщыну бжыгъэу къильытэри, гравюрэ 600-кIэт къызэригъэгугъар. Абы теухуа хъыбарыр ялъигъэIэсащ Челябинск, Уфа, Москва, Санкт-Петербург, Улан-Удэ, Якутск, Иркутск къалэхэм, Тывам, Германием, нэгъуэщI щыIэпIэхэм щыпсэу и гъэсэнхэм. Къабгъэхьа лэжьыгъэхэм яхэплъэурэ нэхъыфIхэр къызэдыхихьым, гравюрэхэм я бжыгъэр 1000 ирихьуэ нэужь, и зы лэжьыгъэ щIигъужащ, «гравюрэ 1001-рэ ирехъу», - жиIэри. Китайхэм апхуэдизэ гравюрэр абдж рамкэхэм ирагъэувэри, «1001 гравюра Красноярской студии ксилографии Германа Паштова» гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуахащ. Сэри си гъэсэнхэри Харбин драгъэблагъэт абы щыгъуэ».

«200 гравюр Красноярской студии ксилографии» гъэлъэгъуэныгъэр 2006 гъэм Китайм и къалащхьэм щекIуэкIащ. Гонконг, Пекин щыщ журналистхэр зэпымыууэ зытетхыхьа зэхыхьэшхуэщ ар. ИужькIэ, 2009 гъэм и выставкэхэр Китайм и къалищым щрагъэкIуэкIащ.

Герман Налшык щыщыпсэуам «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылажьэу щытащ. Абы щыгъуэ республикэм и тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я лэжьыгъэхэм сурэтхэр яхуищIыр. Иджыри дунейм къытемыхьа, зыми имылъэгъуа тхылъыщIэхэм япэу еджэурэ, сурэт щIэщыгъуэхэмкIэ игъэщIэращIэрт Герман. КIэщт Мухьэз, Агънокъуэ Лашэ, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Нало Ахьмэдхъан, Щоджэнцыкlу Нурий, Къармокъуэ Хьэмид, Къуэлыфэ Хьэчим, Бещтокъуэ Хьэбас сымэ, нэгъуэщI куэдым я тхылъхэр щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэ ищIащ абы. Псалъэм папщIэ, КIуащ БетIал и «Молодые журавли» тхылъым хуищIа сурэтым «Искусство книги» урысейпсо зэпеуэм и щIыхь тхылъыр къыщыхуагъэфэщащ. Къэзанокъуэ Жэбагъы къызэралъхурэ илъэс 300 щрикъум ирихьэлIэу и сурэтыр ищIащ. ПащIэ Бэммырэ и сурэтыр линогравюрэу ищIащ, адыгэ поэзием и лъабжьэр зыгъэтIылъа цIыхубэ усакIуэ жиIэу и хъуреягъкIэ адыгэбзэкIэ тетхауэ. Агънокъуэ Лашэ и сурэтри линогравюрэущ зэрищIар. Псори зэхэту тхылъ 15-м нэблагъэ Москварэ Налшыкрэ абы къыщыдигъэкIащ. Москва и «Советская Россия», «Детская литература» тхылъ тедзапIэхэм Лермонтовым и «Кавказ поэмэхэр» къыщыщдэкIауэ щытащ, Герман и IэдакъэщIэкIхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ.

Иужьрей илъэс 20-м тхылъитхум хуэдизым сурэтхэр яхуищIащ. Лермонтовым и поэмэхэм илъэситхум къриубыдэу гравюрэ 40-м нэблагъэ триухуащ. Пушкиным и «Тхыгъэ къыхэхахэм» илъэсипщIкIэ елэжьащ, гравюрэ зыбжанэ хуищIу. Красноярск дэт Политэхникэ университетым и юбилейм ирихьэлIау напэкIуэцI 300-400 хъуэ къыдэкIа тхылъым ихуа сурэтхэм елэжьари аращ. Красноярск крайр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу «Ксилографы Красноярска» альбомыр къыдигъэкIащ, пэублэ псалъэр щIыналъэм и губернатору щыта Хлопонин Александр ейуэ. Лэжьыгъэр зи жэрдэмыр Герман и къуэ Пащт-Хъан Алимщ, гъуэджэм и доктор Москалюк Маринэ тхыгъэхэр ейщ, макетхэр езым игъэхьэзырыжащ. НапэкIуэцI 400-м щIигъу альбомым и лэжьыгъэу 800-м нэблагъэ ихуащ. Ксилографие, линогравюрэ, акварель, живопись, керамикэ, ферграфие жыпIэми, абы куэд кьызэщIабыдэ. КъищынэмыщIауэ, тхылъхэм яхуищIа иллюстрацэхэри хьхьащ.

Пащты Германрэ и ныбжьэгъу, балъкъэр пэлъкIыным нэхъ сурэтыщI лъэщу иIа Аккизов Екъубрэ зэгъуэсу ящIауэ щыта гербыр 1997 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къищтащ.

Санкт-Петербург Репиным и цIэр зэрихьэу дэт институтыр, а къалэм гъуэджэхэмкIэ щыIэ музейр, Москва гъуэджэхэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэр Герман и деж щоджэ. КъищынэмыщIауэ, Якутием, Бурятием, Тыва, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыщ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм кьахэкIа куэд къакIуэурэ Герман и лъэщапIэм я Iэщ-щIагъэм щыхагъахьуэ. И гъэсэнхэм я нэхъыбэр СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ, зыбжанэр профессорщ, доцентхэщ. Герман ирилъэджакъэр урысей, дунейпсо гъуэдджэм екIуу, дахэу хьыхьащ, Урысей академием и медалхэр, щIыхь тхылъхэр, Красноярск крайм и губернаторым и саугъэтыр, Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и стипендиер къыхуагъэфащэу. Я лэжьыгъэхэр зэманым докIу, уригушхуэу сыт хуэдэ утыкуи щыбгъэлъагъуэ хъуну. Къыхэгъэщыпхъэщ, и студентхэм адыгэ хабзэр зэрахилъхьэри. Ди пэлъпкъым къыдэгъэзгурыкIуэ хабзэхэм ахэр зэрыщыгъаэзм и мызакъуэу, зэрагъэзащIэми гу лъитэ. Псалъэм папщIэ, щыщIыхьэкIэ къэтэджурэ гуапэу сэлам кърах, Iэнэм щысмэ, хабзэм тету бгъэдэсщ.

Пащты Германрэ и къуэ Пащт-Хъан Алим и адэм и лъагъуэм ирикIуэжащ. Ар КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщIу, 2015 гъэм гъатхэрэм и 20-м «Лойхтенбургские фарфоровые миры» Iуэхум хыхьэу, Германием и Лойхтенбург музейм япэу щагъэлъэгъуа, метри 8 и лъагагъуэ абы ищIа фарфор вазэр дуней псом вазэу щыIэм я нэхъ ин дыдэу къалъытащ. Красноярск къалэм и къэрал художественнэ институтым живописымрэ графикэмкIэ и къудамэр къэзыуха Пащт-Хъан Алим студентэр литографием хуригъэджэну абы къагъэнэжащ. Алим Германием и Галли къалэм гъуэдджэхэмрэ дизайнымкIэ щыIэ школ нэхъыщхьэм скульпторэр щагъэхьэзыр и къудамэм щеджащ (1999-2002 гъэхэм). А школ дыдэм медиа-артым, скульптурэм, графикэм эщыщыигъэсащ. Галли къалэм щыIэ Геттинген институтым щылэжьэну ирагъэблагъащ. 2007 гъэм щыщIэдзауэ СурэтыщIыр Галли щопсэу икIи щолажьэ. ЩIыналъэ куэдым къыщащIыкIу СурэтыщIыр Художествэхэмкlэ Урысей академием и лъэщапIэмэ щылэжьащ.

Ди хэкуэгъу сурэтыщI цIэрыIуэ Герман зэрыжиIэмкIэ, къару кьыхэзыпIъхьэр, гукъыдэж къэзытыр Хэкум къэкIуэжурэ зэрыщыIэращ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Герман ипхъу Лилиерэ Алим и къуэмрэ.

Герман Китайм щохьэщIэ.

Зыми емыщхь

Иужьрей илъэс плIыщIым дунейм къытехьащ Пащтым игъэщIэрэщIа тхылъ 50-м щIигъу. Дэтхэнэ зыми Пащтым хелъхьэ и псэм щыщ Іыхьэ, абы зэи жиIэркъым «си тхылъ нэхъыфIыр нобэ сщIащ» жиIэу.

БГЪРЫС щIалэр, зричауэ, мажэ; ар шабзэншэми, бзу дамэхуми неуэфрынущ. ЩIалэр насыпым, гъащIэщIэм хуопабгъэ, ар зыми къигъэувыIэфынукъым, абы зыри къытекIуэнукъым. Бгырысым и Iэ шиям дыгъэу щолыд абы гъэгу хухэзышу хъуаскIэ кьызыпих гур. Апхуэдэ тепльэ зиIэ графикэ лэжьыгъэхэр Пащтым и творчествэм щыкуэдщ, ар Герман ищIа псоми я эпиграфу жыпIэми, ущыуэнкъым.

График Пащты Герман псори тыншу къехъулIэрт, и гъэгур бгъуфIэт, убзыхуат. СурэтыщIым и япэ гъэлъэгъуэныгъэ Налшык щыщекIуэкIам абы и сурэт 73-рэ ялъэгъуащ гъуэдджэм дихьэхэм. Абы лъандэрэ ди хэкуэгъу художникым и лэжьыгъэхэр дуней псом и щIыналъэ куэдым щигъэлъэгъуащ, щIыхь тхылъ, щIыхьыщIэ куэди кьыхуагъэфэщащ. Ауэ и япэрей выставкэм наIуэ кьищIат Герман и зэфIэкIыр зэрыиныр, зэрыкупщIафIэр. Гукъинэжт Пащтым и «Ленинград», «Щихуэхэр», «Іуащхьэмахуэ», «Ван-Гог», «Макъамэ», «Республикэр щагъэувым» зыфIищахэр, нэгъуэщIхэри.

Герман пасэу дихьэхат сурэт щIыным, зыми абы хуримыгъэджами. Нэхъ иужьыуэкIэ, и унагъуэм и гъусэу кьалэм кьыщыIэпхъуам, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм щыIэ гупжьейм зыхригъатхэри, егъэджакIуэ Ткаченкэ Андрей и гъэсэнхэм ящыщ зы хъуащ.

Пащтыр зыми емыщхь, зи лэжьыгъэхэр Іэзагъкlэ псыхьа, зи хъэтI зиIэж, сурэтыщI гъуэдджэм и лъагапIэм нэса сурэтыщIщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, ди усакIуэхэм, тхакIуэхэм я тхылъхэу абы игъэщIэрэщIахэр заншIэу нэгъуэщIхэм кьахибощIыхукI. Апхуэдэхэщ КIыщокъуэ Алим и «Батырыбжьэ», Къармокъуэ Мухьэмэд и «Щихуэхэм ныбжь ядэ», ПащIэ Бэчмырзэ и «Усыгъэхэр», нэгъуэщIхэри. Абы и пэжыгъэхэр адрейхэм яхэгъуащэркъым.

Пащты Герман Іэзэу графикэ ищIыр. Кхъужьей пхъэ дакъэ кьищтамэ, абы и гущIыIум сытри тращIыхьыфырт. Ар пхъэм и закъуэкъым зытелэжьыхьыр. Абы зэхуэдэу кьохъулIэ линогравюрэри ксилографиери.

1978 гъэм и гъатхэм Пащты Герман Сирием, Иорданием щыIащ. Ар ящIыгъут ди республикэм и жылэ куэдым щыщу щIэныгъэ, Іэщ1агъэ зиIэ адыгэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ. Ахэр хэти дохутырт, хэти пшынауэт, инженерт, бухгалтерт, журналистт, мэ- къумэшыщIэт, артистт... Зи Іэщ1агъэм иримыгуш хуэ, абы фIыуэ хэзымыщIыкI яхэттэкъым а гупым. Хасэм къекIуэпIа дэтхэнэм дежкIи псалъэншэу гурыIуэгъуэт Герман хуэдэу абы и гъусэ псори зэрынасыпыфIэр, а насыпри псэукIэщIэм къазэрыхуихьар.

ЩIыпIэ куэдым и лъэр нос Герман. ЦIыхум ищIа псом и мыхьэнэр зыхищIэну, иджыри къэс имыгъуэтар къильыхьуэну, хъуэпсапIэм, насыпым щIэкъуу аращ адыгэ щIалэр гъэзгу щIытехьэр. Абы къыгурыIуэну хуейщ и адэжь щIыналъэр зэрыбдауэ щIыкIэр, илъагъуну хуейщ ар зэрыщIэращIэр, зэрыгъагъэр.

Пащтым и лэжьыгъэхэр цIыху псоми яхуэгъозащ. Нэхъыщхьэраци, абы и Іэщ1агъэм дэрэжэгъуэ кърет.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

Си цIэр фIэщ

Пащты Герман Хэку зауэшхуэр къыщыкъуэт 1941 гъэм дунейм къытехьащ. ЩIалэ цIыкIур махибгъу фIэкI мыхъуу и адэр езыр щIэльэIури зауэм кIуащ. Пащты Суфэдин и ныбжьэгъу Архагъэ Герман и гъусэу зауэм здэкIуэм къоупщI: «Уи къуэм цIэ фIэпща?» жеIэри. КъызэрыщIэкIымкIэ, сабийм иджыри цIэ иратыну хунэсатэкъым. «Си цIэр фIэщ», - къельэIуат и ныбжьэгъур. Ялэ дыдэу зауэм зэрыIухьэу хэкIуэдащ ар. «Къызэрымыгъэзэжэнур и псэм ищIа къыщIэкIынт. И цIэр къытхуигъэнащ тщымыгъупщэн папщIэ», - жиIэт Пащты Суфэдин.

А цIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым куэдрэ ущрихьэлIэнукъым. ЗауэIэ хэкIуэдам и цIэр абы зэрехьэ фIэфIу икIи иригушхуэу. И анэшхуэр а цIэм есэртэкъым икIи псэуху и къуэрылъхум зэреджар Хьэсэнбийщ.

1942 гъэм и бжьыхьэм нэмыцэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр яубыдащ. Герман и анэ Пащты ФатIимэт абы щыгъуэ партым хэтт, ЗАГС-м щылажьэрт. И адэр МВД-м и оперуполномоченнэт. Къэрал псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми Хэкум епцIыжакъэр щыIэт. Пащтыхэ я гъунэгъу Шорэ Къамболэт къекIуэкIри, къажриаIащ ФатIимэт икIэщIыпIэкIэ зигъэпщкIумэ зэрынэхъыкIыр. КIыфI зэрыхьуу, ФатIимэт и куэр къищтэри, и адэ-анэр щыпсэу къуажэм лъэсу кIуэну ежьащ. Бжьыхьэ кIасэт, щIыIэ дыдэт, жьапщэшхуэт. Илъэс 20 фIэкI мыхъу ФатIимэт и сабийр и Іэблэм тесу километр 20, бгым дэкIыу икIуну, къыпэщылът.

ФатIимэт Къамылыкъуэ къуажэм щыпэсар пщэдджыжьыпэраш. Абы и анэри партым хэтти, билетитIри зэгъусэу хадэм щыщIитIат. 1943 гъэм щыщышлэн и 4-м фашистхэр Налшык дахужащ. И тхьэмадэм и унэм игъэзжа нэужь, ФатIимэт къищIащ и адэ-анэм я деж щыкIуэжа жэщым и пщэдджыжьым коммунистхэмрэ абыхэм я телъхьэу къальытахэмрэ Ставропольем хыхьэ Марьинскэ станицэм яшэу зэрыщауакIар.

Герман щыщIыкIум и нэгу щIэкIауэ игу къинахэм ящыщщ ТекIуэныгъэм и гуфIэгъуэр... «Сигу ихужыркъым ильэсибл сыхъуу сызэплъа «Падение Берлина» фильмри. Псори пэплъэрт фильмыр щиухкIэ Сталиныр къызэрыпсэльэнум. Илъэс 50 дэкIа нэужь а фильмым сфIэгъэщIэгъуэну сеплъыжащ», - жеIэ Герман.

МАЙСТРЕНКЭ Валентинэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

Пащты зэадэзэкъуэм Ткаченкэ Андрей я хьэщIэщ.

Герман и адэ-анэр.

И щхьэгъусэ Жаннэ и гъусэу.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Ипэкіэ плъэну зыри хуэмейуэ ара?

● Псэлъапіэ

Соловьев Владимир 1963 гъэм Москва къыщалъхуащ. Журналистщ, тхакіуэщ, актёрщ, жылагъуэ лэжьакіуэщ, экономикэ щіэныгъэхэм я кандидатщ. Телевидениэрэ радиомрэ я нэтын зэмылІэужьыгъуэхэр щрегъэкІуэкІ. Ар нобэ и хьэщІэщ «Аргументы и факты» газетым.

- Володя, иджыблагъэ Явлинский Григорий езым и блогым иритхащ ди властым зауэ фІэкІыпІэу къызэрыхъеинум теухуа гупсысэкІэм урысейкІэ хуиГакІуэ хуэдэу...

- Сэ къызэрыслъытэмкІэ, Григорий КъухьапІэм и Іуэху епльыкІэм апхуэдизу тевуащ, пэжыр тэмэму къыхуэпльагъуэжырхьи. Дэ зыми дыхуэдалъэркъым Іэштіымкіэ, ауэ дэ лъэныкъуэ псомкІи къыщытхуодалъэ зауэрэ санкцэхэмкІэ. Дунейм зэуэну хуэмейуэ къытенэжар ди цІыхубэ закъэрщ. Сыт щхьэхуу, дэ дощІэ зауэм щІэптын хуей уасэр. Зауэм цІыхухэм я акъылыр тебухуэу хъунукъым. Псом хуэмыдэу - атом зауэм. Абы лъэныкъуитІри хэкІуэдэнущ.

Догузавэ

- АтІэ, щхьэусыгъуэншэу дыгузавэрэ?

- Хьэуэ. МыупщІэу икІи мыусэу, Іуэхур зэхамыгъэкІыу абыхэм къальытащ Урысейр къуаншэу. ИкІи вице-президент Байден Джо нахуэу къыхуереджэ ди кибер Іэмэпсымэмкіэ къыдэбгъэрыкІуэну. Зэгъэр хьэмбылу цІэрыІуэр (компьютер вирус - **Ред.**) къигъэсэбэпри, Израильм Ираным пІалъэ кІыхькІэ иригъэтІыльАуэ щытащ и атом программэр - псори зэІитхьат. Кибер зауэм кхъухьлъатэхэр кърегъэхуэх, электрокъарур къызэпеуд, нэгъуэщІ насыпынашгъэхэр кьеГъэхьу. Кибертерроризмэм папщІэ езы американхэм цІыхухэр яГъэтІыс, ауэ дэ абыкІэ къытхуодалъэ. Урысейр яГъэхъуаншэ ди дзэм Сурием щІэпхьаджагъэ щилжьауэ жаІэу. Югославием, Иракым, Ливием щагъэхъар щІэпхъаджагъэкъэ? ПАСЕ-м кьещтэ Урысейм и бий декларацэ. АтІэ Урысейм игу фІы щыщІэн?

Дэ ди базэхэр ГДР-м, Венгрием, Румынием, нэгъуэщІ къэралхэм къидмышыжкмэ, а санкцэхэр щыІэнут, Урысейм къытегупІэнут? Я жьэ зэщІахынтэкъым. Абы и закъуэкъым - ди экономикэр тэмэму зэтедухуэфамэ, а къэралхэм насыпифІэу зыкъалъытэжынут ди базэхэр зэрыщІэн къудейм щхьэкІэ. ИкІи мыбдеж махьэзэ щІэнэтэкъым ахэр Евросоюзым хэтми хэмытми. Дэ ди базэхэр къитшыжащ, Америкэм зы щІыпІи кІришьжакъым. Фепльыт ящІэр, Путиным зэрыжиІэщи, «ди лэжьэгъуэм»? Китайм езым и базэхэр дуней псом хъыщІэзыІуэ» (Пакистаным, Бангладешым, Джибутим, Мозамбикым, нэгъуэщІхэми), Ираным - Мавританием, Эмиратхэм - Сомалимрэ Эритреемрэ Тыркум - Катарымрэ Сомалимрэ. Ауэ дэ сыт щыгъуи фэ зытыдогъауэ, ди сабэп зыхэлъ геополитикэ гуэрхэри щымыІэ хуэдэу. Ар тэмэм-тІэ? Дэ къэралышхуэу дыщытмэ, бедзыкІыныуэ жьгтІэн икІи дыкъэкІуэн хуейщ ди фейдэ зыхэлъхэм. Абыхэм ящыщщ экономикэрэ. Ауэ хэт жызыІэфІэнуфІэн къэкІуэну илъэс 20-м, 30-м, 50-м е илъэсищэм ди къэралым и мурадхэр зыхуэдэр? Зыми.

- Санкцэхэр пІалъэ зыхьу?

- Нэхъ щабэу е нэхъ ткІийуэ сыт щыгъуи щыІэнущ. Урысей империем и тхыдэм урипльэжкмэ, санкцэхэр щыщымыІа лъэхъэнэхэр кІэщІ дыдэу зэрыщытар больагъу. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ ди экономикэм етщІэнуф къыдГурыІуэныжмкІэ. Дауи, дэ ар зэуэ зэтхъуэкІыфакъым - 90 гъэхэм цІыхухэм я псэуКІэм теухуауэ Іуэху куэд зэтрихьати. ЦІыхухэм жьы Іурыхьхэгъуэ етташ. Ауэ экономикэм зэдмыхьуэкІыу хъунукъым. Илъэс куэдым тещІыхьа зэхъуэкІыныгъэхэр къыщыхьу къэрал щІыб политикэм зриту, экономикэм хуищІ гуІныгъэ къызэригъэтІэсхъар Путиным ІэщІэкІа щыуагъэшхуэхэм ящыщу си гугъэщ. Псоми жаІэ: щыІэдагъэм къыщІэкІым къыпыкІын хуейщ. Сыт хуэдэ щІыкІэкІэ? Ар дыхьэшхэнщ, дэ щхьэпэ щхьэ дытетщ Гайдар дызытригъэхьа гупсысэкІэм. Зэгъэр Экономикэм и школ нэхъыщхьэм лъэныкъуэ иригъэзауэ щытащ нэгъуэщІ Іуэху бгъэдыхьэкІэ псори. Ипэкіэ плъэну зыри хуеякъым.

- Экономистэм жаІэ Къухьапіэм инвестицэхэр къыхимылъхьэу ди экономикэр къытхуэмыІэтыну. Дэ езыхэм ар ди къару дэмыхуэну ара?

- Дэхуэнукъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, тщІэнут тщІэркъыми. Унафэхэр къэзыщтэну зи пщэ къыдэхуэ цІыхухэр щысщ Іуэхуэр езыр-езыру зэрыкІыным поплъэри. Абыхэм иджыри я гугъэщ къухьапІэ инвестицэхэр къызэрысу псори зэфІэувэжыну. Инвесторхэр щыщІам щыгъуэ къытщхьэпа? Сыт абыхэм я ахъшэр зыкалъхьар? Псом ящхьэ абыхэ зыгъэгъэпэщынкъым хуейщ. Дэ ди лъэхъуэщхэм хьарычэтыщІэхэр ящІэ. Путиным жиІащ экономикэм ещІэ-ещІэ щІэпхъаджагъэхэм кІэ уголовнэ Іуэхуу мин 200 кьаІэтауэ. (Жэпэуэгъуэм и 28-м Президент Путин Владимир къыхилъхьащ лъабжьэншэу хьэрычэтыщІэхэр зэхэзехуэн зыщІ хабзэхъуэм органэм яхь жэуапыр гъэтхІиныным теухуа хабзэгъэуэ проект-**Ред.**). Ауэ дэнэ здщыІэр мытэмэму уголовнэ Іуэхуэр къэзыІэтахэр, абыхэм унафэ тезыщІыхьахэр - судыщІэхэр, хьэрычэтыщІэхэр зымыгъэбауэ хабзэхъуэмэхэр? Зыгуэр яГъэтІыса? Зыгуэр кьулыкъым трагъэкІа? Хьэуэ. Дэ тпъагъуэ хьэрычэтыщІ лажьыгъэ маІэшэрэ курытымрэ зауэм? Ахэр мэщІэу! Абы щыгъэуми, псоми я гуІныгъэм щІэтщ. Парт щыІэщ, омбудсмен мэлажьэ. Псори, псори! ЩымыІэр езы бизнесым и закъуэщ. Хабзэхъуэмэхэр къыжьэдэкъуэн хуейщ. Захарченкэ и Іуэхур-щэ? Ар къэрал псом дежкІэ напэтехщ.

- Захарченкэ хьэпсым исщ, и Іуэхур зэхагъэкІ...

- Пэжщ. Сыт атІэ? Захарченкэ и унафэщым дагъуэ хуащІащ и къулыкъур хуэмыхьэу жаІэри, ауэ къытранащ. СпІожь, дэ Васильевэм хуэдэу, Захарченкэмэ и адэ-анэр къулей дыдэу ди фІэщ тщІын хуейуэ ара? Сыт абыхэм яужьКІэ занкцэхэр зищІысхьыр? АпэщІыкІэ ди къэралым хабзэ щыдвГъэгъэуви, итІанэ дахуэгъэзащ сыт хуэдэ санкцэхэми. Дэ езыхэм ди инвестицэхэр апхуэдизу куэд хьунущи, здэтхьынур тщІэжьнукъым. Ауэ цІыхухэм я фІэщ хъун хуейщ халъхьэ ахъшэр зэрафІэмыкІуэдынур. Бюджет ахъшэ итыну хуиту лажьэ щІыхэм Іуэтхьэшхуэ зэрыІахьр цІыхухэм жаІэ. Хэт абыкІэ жуаІэ пэлъынур?! Зэгъэр Ахъшэ хьуманІэ банкыр зэфІэзыгъэувэжа Греф Герман жеІэ псори зи яГэр къэралым Іуэхуэр тэмэму зезыхьэф цІыхухэр зэрыхуримыкъур араУэ. Ауэ сэ сльагъурыкъым зи щэнтхьейм ямІыну хьэзэр щІыкІу щыІэу. Быдэу кІэрагъэпщІа хуэдэщ шхэпскІэ.

Псори хуит дыхъужащ

Гугъуехьхэр нэхъыбэу къызыхэкІхэм ящыщщ ди Конституцэри. Абы итщ депутатхэмрэ Президентымрэ хэтх хъуну, ауэ Правительствэм зыкІи дыжьэхэуэ хъунукъым - абы зыгуэркІэ деІуэсну Іэмал диІэкъым. Абы щыгъуэми, ди псэуКІэр куэдкІэ зэлъытар Правительствэм и лэжьакІэрщ. Министрхэр Думэм къокІуэри, парламент сыхьэтым къыщыдгъэтэ зыхуэдэ дыдэр. Ауэ депутатхэм ахэр зыкІи къыжьэдакъуэфынукъым - властым и къудамэхэр зыр зыр ящІам. Ди къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм ипкъ иткІэ а къулеиргъэхэр афІэкІа цІыхубэм ежжкъым. Араши, берычэт бесым, псори хуит дыхьужащ. Зэман нэжэгужэ дыщопсэу...

ПОЛУПАНОВ Владимир.

● Къаугъэ

СыткІэ шынагъуэт?

Украинэмрэ Белоруссиемрэ яку къаугъэ жэпуэгъуэм и 21-м къыдэхъущ икІи ар яхуэзэфІэхьыркъым нобэр къыздэсым. Киев къилъэтыкІауэ Минск къыздэкІуэм «Белавиа» кхъухьлъатэм ирагъэгъэзэжащ, къраудыхынкІэ яГъэшынэри.

БЕЛОРУССИЕМ и «Боинг 730-800»-м цІыхуи 136-рэ, абыхэм къадэкІуэу экипажым щыщу 6 исащ. Кхъухьлъатэр сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 25-м «Жуляны» аэропортым къытелъэтыкІащ, сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 36-м, Белоруссием и уэгум хыхьэным километр 50 фІэкІа имыІэжу, абы и унафэщІым къытракъуэзащ къызытелъэтыкІам игъэзэжыну. ЩхьэусыгъуэрэкъуэгурагъэІуакъым: къыжраІащ унафэм емыдаІуэмэ... зэрызауэ истребителхэр зэрыкІэлъагъэкІуэнур! Малайзием и «Боинг»-р къыззыраудыха щыкІэр зыщымыгъупщэжа кхъухьлъатэзехуэхэр, дауи, шынащ.

Сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 55-м белорус лайнерыр «Жуляны» аэропортым къыщытІысыжащ.

ИужькІэ Украинэм и хабзэхъумэхэм «Боинг»-м зы цІыху кърагъэкІащ - арат батэр щІагъэбэн, урысей журналист, Армением и цІыху Маргиросян Армен. Ар къащащ, хъыбар «щхъу» зытет флешкэ къальыхъуэу.

ИужькІэ кхъухьлъатэр яутІыпщыкащ икІи ар лажьэншэу Минск нэсыжащ. ИтІанэ хъыбар къэІуащ Мартиросян кьыкІэльыкІуэ рейсымкІэ Минск зэрыльэтэжам тхуэуауэ.

УпщІэ къыкъуокІ: Украинэм и шынагъэншагъэ ІэнатІэр зыхуэкІр Мартиросянмэ, ар щхьэ аэропортым щамыубыдарэ, кхъухьлъатэр тельэтыкІыным пэмыплъэу? ТелпъэкъуІауэ къыщІэкІынущ. Я щыуагъэр къащыгурыІуэжым ирагъэлеящ.

Мыарэзынигъэ

ЕтІуанэ махуэм, жэпуэгъуэм и 22-м, Белоруссием Нэгъуэщ І къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм ираджащ Украинэм и Іуэхухэр пІалъэкІэ а къэралым щызэзыхэ Джигун Валерий. Мыарэзынигъэм и нотэ иратри, абы хуагъэуващ Іуэхур зыІутыр къыгурагъэІуэну. «Белавиа»-м иратыжьин хуейт лейуэ кхъухьлъатэр къызэрырахуэкІам и уасэр. «Белорус лъэныкъуэм кьегъэув украин лъэныкъуэр къыхуагъэгъуну кьелъэІуну икІи и зэранкІэ яГъэта ахъшэ хэщІынигъэ псори абы япшынэжыну», - итщ тхыльым.

- Дэ тфІэтельыджэщ Белоруссием сыт щыгъуи ныбжьэгъуу къилъытэ украин лэжьэгъэхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр, - жиІащ Белоруссием и МИД-м информацэмкІэ и ІэнатІэм и унафэщІ Мирончик Дмитрий. - Украин лъэныкъуэм хуэзэфІэкІынущ химыльхъэу Іуэхур тынщу зэфІихьын.

Украинэм зытрагъэхьакъым: «Дэ истребитель якІэльыдгъэкІуэну жытІэу дгъэшынакъым».

- Дэ кхъухьлъатэм къигъэзэжыну дельэІуащ, шэч зыхуэтщІ абы ити. Ар шынагъэншагъэм ехьэлІащ икІи апхуэдэ дуней псом къыщохьу, - жиІащ СБУ-м и пресс-секретарь Гитлянская Еленэ.

УпщІэ дыгъэгъэувыт: США-м е Германием еямэ, а кхъухьлъатэм хуагъэувынут игъэзэжыну?

Къаугъэр бэІутІэлъыншэу зэфІэкІами, Іэщ Іагъэлі Іхэм къэхъуар къызэрымыкІуэу къалъытащ.

- Украин диспетчерым къэрал зэхуаку хьэуа кодексым и хабзэ зыбжанэ зэуэ къызэпиудащ икІи «банан республикэ» къызэрыгуэкІым щыщым хуэдэу зыкъыгъэльэгъуащ, - къыхигъэщхьэхукІащ шынагъэншагъэмкІэ Іэщ Іагъэлі Романов Александр. - ЦІыхухэр кьезыщэкІ кхъухьлъатэхэр итребителхэмкІэ бгъэшынэнырь делагъэ дыдэщ! Къэхъуам хэпльэн хуейщ Граждан авиацэм и къэрал зэхуаку зэгучхьэнигъэр (ИКАО).

САЛАХОВ Клим.
«Комсомольская правда»

● Гукъэкіыжэр

Псори зэхуэгъэдэнырщ дызыхущІэкъур

Илъэс 20 ипэкІэ Примаков Евгений Урысейм и МИД-м и Іэтащхьэ хъуа иужь УФ-м и къэрал щІыпІэ политикэм хуабжьу зихъуэжауэ щытащ.

АРАЩ Іуэхуэр хуабжьу щызэІыхьауэ щыта 90 гъэхэм ди къэралым и экономикэр къэзыІэтыжар. Правительствэм и Унафэщ Іу яГъэувын ипэкІэ, ар Къэрал щІыб тІасхъэщІэж ІэнатІэм и унафэщІу, нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ министру щытащ. А цІыху щэджащэм зэфІигъэкІам «Урысей-1» каналым щытепсэлъыхьащ УФ-м и МИД-м и Іэтащхьэ Лавров Сергей.

Къухьлъатэм зыкъигъазэри, политикэми зыкъигъэзащ

- Щалъхуа хэкум хуэпэж политик Іущым, жыжьэ плъэм США-р Югославием бомбэкІэ зэреузнур къыщыщІам, къыгурыІуащ Америкэм и вице-президент Гор Альберт и деж ульатэкІэ Іуэхур зэрызэфІэмыкІынур, - зэпсэльэнигъэхэм зыри къикІынутэкъым. Арати, кхъухьлъатэм къырригъэзэжащ. Абы къикІрат Урысейми пэжу къильэтэм зэрыгрикъуэзнур. Ар яГъэнэкІэу, нэмыплъ къыхуащІу зэримыдэнур.

ЧЕСНОКОВ Эдвард.
«Комсомольская правда»

● Псэукіэ

Сэтей къащІащ

Ліэхэм я бжьыгъэм хохъуэ, къалъхуэхэр нэхъ мащІэ мэхъу, сабий сад хуейхэм я чэзур зэтрехьэ - уэныгъэгъэзавэ Іуэху зыкъом сэтей къищІащ Къэзыбж палатэм.

КЪУЛЫКЪУЩІЭ зэмылІэужьыгъуэхэм, псом хуэмыдэу правительствэм щыщэм, яфІэфІщ школхэм щыджагъэкІуэхэмрэ щыщІэкІыхьхэдджэкІэмрэ, сабий садхэм чэзуэхэр зэрыщымыІэжьым, урысей цІыху къызэрыгуэкІхэм я гъащІэр нэхъ кІыхь зэрыхъум, ныкъуэдыкъуэхэм гуІныгъэ зэрыхуащІым, нэгъуэщІхэм тепсэлъыхьын. Арщхьэкіэ Къэзыбж палатэм ирагъэхьзырауэ я Іуэхущ Іапіэм и къуэдзэ Чистовэ Верэ иджыблагъэ Федерацэмкіэ Советым хэІуцІыІу щищІам къызэригъэльэгъуащи, Іуэхур зытетыр нэгъуэщІщ.

Псалъэм и хьэтыркІэ, зи школ кІуэгъуэ мыхъуаэр щаІыгъ Іуэхущ Іапіэхэм чэзур къащІылъысыным поплъэ зи нэбжьыщ илъэси 3-м къащыщІэдзауэ илъэси 7-м нэс сабийхэу мин 80-м, зи ныбжьыр илъэси 3 иримыкъуауэ сабий мин 470-м щІигъу. ЦІыху мини 5-м нэс зыдэс куэдж мин 60-м нэблагъэм зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр щаІыгъ Іуэхущ Іапіэхэр щыІэхэхъым.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, сабий садхэм чэзур щызэтегъэкІыныр къалэну щыгъэуват 2012 гъэм Президентым къыдигъэкІа накъыгъэ унафэ щІэрыІуэхэм. ФокІадэм вице-премьер Голодец Ольгэ жиІат зи ныбжьыр илъэси 3-м къащыщІэдзауэ 7-м нэс сабийхэм я деж чэзуу щымыІэжу, илъэс ипэкІэ премьер Медведев Дмитрий зыщІтхъужат «къалэныр процентш 100-кІэ зэфІэхъа хъуауэ».

Школхэм щэджагъуаКІуэхэмрэ пщыхьэщхьэджэхэмрэ щыщыгъэІэным теухуа Іуэхурэ апхуэдэу узыгъэгуфІэкъым. Къэзыбж палатэм къикъутахэм ятепщІыхьмэ, апхуэдэу еджэ сабийхэм я бжьыгъэм хэщІыркъым, атІэ хохъуэ.

Абы щыгъуэми къэралым и школ мини 3,4-м я унэхэр къызыхэщІыкІар пхъащ, я псыунэхэри щІыбым дэщ.

Щытыкіэр щынэхъыфІкъым медицинэми. Чистовэ Верэ и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, нэгъабэ поликлиникэхэм я бжьыгъэм мини 3,2-рэ кІэрыхуащ, «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэхэр» мелуани 3-кІэ нэхъ мащІэрэ ираджащ, санаторэхэм я процентэ 4 зэхуащІыжащ.

Дохутырхэм захуэзыгъазэхэм, сымаджэщым щІэгъуэлъхьэхэм я бжьыгъэми хэщІащ. Ауэ абы къикІыу къыщІэкІынукъым урысейхэм я узынщагъэр нэхъ быдэ хъуауэ.

Къэзыбж палатэм и унафэщІым и къуэдзэр тепсэлъыхьащ ныкъуэдыкъуэхэм зэрадэІэпыкъу щыкІэми. 2013 гъэм къыщыщІэдзауэ 2015 гъэм къэсыу а Іуэхум хуэгъэпыщащ сом мелард 73-м щІигъу. Ауэ ахъшэр здэкІуам упщІэ зыбжанэ уигу кьеГэкІ. «Къэзыбж палатэм мызэ-мытІуэ кьиІэтащ мы ІэнатІэм уасэхэр зэрещыгъэува щыкІэр. Уеблэмэ округ кІуэцІми ахэр щызэхуэдэкъым. Палатэм и хьэтыркІэ, Владимир областым ныкъуэдыкъуэр зэрызэкІуэну, зэрысыну гу щыкІыр сом мини 146-рэ щиуасэщ, ауэ Тулэ областым ар сом мин 67-кІэ щыбогъуэт. Абы щыгъуэм, щыІэщ а гу щыкІуэкІэ зыщІахэркъым, атІэ дэпэлхэрщ», - кьеГэкІ хитъэбелджьылыкІащ Чистовэм.

Щыпланэ 32-м пІэхэм я бжьыгъэм щыхохъуэ. Къалъхуэхэр нэхъ мащІэ мэхъу - абы псом хуэмыдэу гу щыпльыботэ къуажэхэм: 2015 гъэм и закъуэ абы къалъхуэхэм я бжьыгъэр процентш 10-кІэ щрхуэхащ. А щыналъэхэм яхуэгъэзэщІакъым «Узыншагъэр хъуманым зегъэужьын» къэрал программэр. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым, Іуэхур нэхъыфІ дыдэу екІуэкІми, дыкъызэригъэгугъэр 2018 гъэм ирихьэлІэу гъащІэм и кІыхьагъыр ику иту илъэс 73-м нэсыныр щ, - къыхигъэщхьэхукІащ Чистовэм.

СИГИДЭ Аделаидэ.
«Мир новостей»

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Дунейм и къалэ телъыджэхэр

Франджы Ищхъэрэм и къалэ нэхъ ин дыдэщ Лилль. Ар Бельгием и гъунапкъэм километр 14 къудейкІэ фІэкІа пэмыжыжьэу Нор-Па-де-Кале щыналъэм щыІэщ. Абы фламанд щэнхабзэм и лъэужьыщхэр холъагъуэ - Бельгием и къалэу щытар Франджым ей щыхъуар 1667 гъэм Людовик XIV ар иубыда иужьщ. И архитектурэ тельыджэмэ а зэманыр уигу кьегъэкІыж. Лилль и мэрием и чэщанэр (сурэтым) ЮНЕСКО-м хигъэхьащ Дунейпсо щІэиным и фэеплъхэм.

● Хабзэхъумэхэр

Іуэху щхьэпэ

2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 4-м сыхьэт 19-м щыщІэдзауэ жэщым сыхьэт 01-м нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ «Нетрезвый водитель» Іуэхур.

УРЫСЕЙ МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыІэм и ГИБДД къудамэм и лэжьакІуэхэм, УМВД-м и деж щІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Тхьэзэплъ Хьэсэн ящыгъуэу къыщІагъэщащ а сыхьэтыхьм къуриубыдэу административнэ хабзэм Налшык къалэм 70-рэ зэрыщебэкъуар. Абыхэм ящыщу 6-р рулым чэфу дэсащ, 3-м транспортыр зэриГэкІуэну хуит зыщІ тхьилъ яІакъым.

Іуэху щхьэпэм адэкІи пащэнгуэ икІи гуІныгъэ хэха ящыщІынущ цІыхухэр кьезышэкІ транспортхэр зезыГъакІуэхэм хабзэр зэрагъэзащІэм.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Шахматэр

Лэжьакіуэхэм я зэхьэзэхуэ

Налшык къалэм дэт «Ладья» шахмат-шашкэ клубым щекІуэкІащ Тезырхэр егъэпшынынымкІэ федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ Іапіэу КъБР-м щыІэм и ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм шахматэмкІэ я зэпеуэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и судья нэхъыщхьэт КъБР-м шахматхэмрэ шашкэхэмкІэ и федерацэм щІыхь зиІэ и президент Къармэ Мэжмудин.

Зэпеуэм хэтынут УФСИН-м и лэжьакІуэу 16. Абыхэм гу нэхъ зыльатапхъэхэм щыгъуазэ ищІри, ежьулІэныгъэ яІэну зэрригуапэр яжриащ КъБР-м шахматэмрэ шашкэхэмкІэ и федерацэм и президент Щыхьмырзэ Артур.

Бжьыпэр зым Іэщ Іэкіыу адрейм Іэрыхьэу екІуэкІащ зэпеуэр. ТекІуэныгъэр зыІэрригъэхьащ ИК-3-м и лІыкІуэ Шэру Эдуард. ЕтІуанэ увыпІэр кІихьащ ИК-3-м и лэжьакІуэ Къармэ Залим, ИК-4-м и лэжьакІуэ ТхьэкІумашэ Сергей ещанэ хъуащ.

ТекІуэхэр яГъэлъапІэу иухащ зэпеуэр. Зэхьэзэхуэр къызэгъэпэщыным икІи егъэкІуэкІным жыдэру зэрыхэтам папщІэ, Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхыльхэр иратащ Къармэ Мэжмудин, «Ладья» шахмат-шашкэ клубым и унафэщІ Тубай Радик, УФСИН-м и лэжьакІуэхэм я зэпеуэм и судья Руслан сымэ.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

● ХъыбарегъащІэ

Насыпырыхь джэгум фрагъэблагъэ

«Нартхэ я дыгъэ» япэ адыгэ мюзиклыр щэкІуэгъуэм и 23-м сыхьэт 19.00-м Музыкэ къэрал театрым кьащагъэльэгъуэныжащ. Абы и пэ къихуэу, щэкІуэгъуэм и 10-м сыхьэт 15-м щІидзэу насыпырыхь джэгу щекІуэкІынущ Къбэрдей уэрамым тет «Победа» кинотеатрым и гупэм деж. Іуэхур къызэрагъэпэщ Налшык къалэ администрацэм Щэнхабзэмкіэ и управленэр я дэІэпыкъуэгъуу. Мюзиклым щыщ теплъэгъуэхэм феплъыну, лІыхъужьхэм я гъусэу сурэт зытревгъэхьыну, адыгэ джэгум фыхэтыну Іэмал фиІэщи, зыхэмыкІ.

КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм, «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Советская молодёжь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» урысей хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакІуэхэр «Заман» газетым и специальнэ корреспондент **Холлаевэ Марзият Далхат и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Холлаев Борис Далхат и къуэр** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щэкІуэгъуэм и 12-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.424
Заказ №1707